

Gid sou Grip la ak Varyant li yo pou Travayè Agrikòl yo

Si w ap travay ak bèt nan fèm, ou ka ekspozè ak nouvo viris grip la.



Pwoteje Tèt ou

Ou ka tonbe malad si ou antre an kontak ak bèt ki malad, twalèt bèt, fatra, lèt ki pa pasterize oswa plim yo. Pwoteje tèt ou ak konsèy sa yo, sitou bò kote bèt ki malad:



Mete ekipman pwoteksyon.



Netwaye epi dezenfekte ekipman pwoteksyon yo.



Pa bwè pwodui ki kri oswa ki pa pasterize ki soti nan bèt yo.



Lave men ou ak savon ak dlo.



Pa touche je w, nen w oswa bouch ou ak men w sal.

Si ou te travay avèk bèt ki malad epi ou santi ou malad



911

Rele 911 si w ap fè fas ak yon ijans medikal




Kontakte sante piblik pou w jwenn èd ak tès ak tretman



Rete lakay ou pou w anpeche pwopagasyon mikwòb yo

Tanpri, kontakte depatman sante lokal ou a oswa Branch Maladi Kontajye Epi ki Disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7 nan 919-733-3419



Sentom

Veye sentòm sa yo si ou te bò kote yon bèt ki malad:



JE WOUJ



TOUS



FYÈV



SOUF KOUT



GÒJ FÈ MAL



ESTÈNE



NEN K AP KOULE



DYARE



FATIG



KRIZ MALKADI



GRATÈL



VOMISMAN




ANVI VOMI



DOULÈ NAN MISK



TÈT FÈ MAL



DEPATMAN
SANTE AK SÈVIS SOSYAL
KAWOLIN DINÒ
Divizyon Sante Piblik